

# The RIDE: Apwobasyon pou 30 Jou Nesesite Medikal Enstriksyon pou Pasyan

1. Èske w ap viv nan yon kominote ki nan zòn sèvis MBTA, men w pa ka itilize transpò piblik akòz yon **nouvo** maladi oswa andikap (yo dekouvri w genyen nan twa mwa ki sot pase yo)? Èske w gen randevou medikal anvan w aplike pou The RIDE? Si w te reponn "wi" pou de kesyon yo ou ka kalifye pou apwobasyon 20 Jou Nesesite Medikal la
2. Ou ka kòmanse pwosesis la lè w rele sant depasman MBTA a nan 617-337-2727 epi mande yon admisyon nan apwobasyon 30 Jou Nesesite Medikal la. Lè w ap rele li bon pou w gen imel oswa nimewo faks founisè w la pou w ka bay MBTA. Kou yo fin ak admisyon an The RIDE ap voye yon fòmilè pa imel oswa **faks bay founisè w la pou l ranpli epi voye l tounen.**
3. Anplwaye Sant Kalifikasyon an ta dwe reponn founisè a nan espas 48 èdtan apre yo fin resevwa fòmilè ranpli a epi ba w yon nouvo nimewo ID RIDE. **W ap bezwen nimewo ID w la pou depoze lajan nan kont ou anvan w ka itilize The RIDE.**
4. Gen 4 fason pou w **depoze lajan nan kont RIDE ou a:**
  - A. **Anliy:** [commerce.mbta.com/TheRide/](https://commerce.mbta.com/TheRide/)  
Kite 2 jou ouvrab pase pou lajan an monte sou kont ou.
  - B. **Rele 1-888-844-0355**, 7AM - 8PM Lendi pou rive Vandredi ak 9AM - 5PM Samdi pou rive Dimanche. Kite 1 èdtan pase pou lajan an monte sou kont ou.
  - C. **Lapòs:** yon chèk oswa manda pou peye ki make # ID RIDE ou a voye bay  
*MBTA - The RIDE*  
*P.O. Box 845097*  
*Boston, MA 02284-5097*  
Kite 5 jou ouvrab pase anvan li parèt.
  - D. **Ale:** Yo chanje adrès CharlieCard Store la pou yon moman e yo mete l nan State Transportation Building nan 10 Park Plaza nan Sal Konferans lan, Sal 6, 2yèm Etaj: Lendi- Randevou Limite Disponib, pran yon randevou sou: [outlook.office365.com/book/CharlieCardStoreAppointments@mbta.com/](https://outlook.office365.com/book/CharlieCardStoreAppointments@mbta.com/) Madi rive vandredi, 8:30 a.m. rive 5:00 p.m. Gen kote w ka antre ki sou Charles Street, Stuart Street, ak Boylston Place. L ap monte nan 1 èdtan.
5. Kou depo w la monte nan kont ou, ou ka **planifye transpò:**

- A. **Rele 844-427-7433 pou w planifye trajè OSWA rezève anliy sou [mbta.com/trac](https://www.mbta.com/trac).** (Konekte ak #ID RIDE ou a e modpas ou se dat nesans ou nan fòm MWAJOUANE)
  - B. **Ou dwe fè rezèvasyon yo omwen 1 jou alavans. RIDE ap rele nan sware anvan trajè a pou yo konfime si y ap ka reponn ak demann ou an.**
  - C. Pifò trajè **ale senp** yo ap koute \$3.35 (\$6.70 ale-retou). Gen kèk trajè ki ka nan yon pri siperyè ki se \$5.60 pou ale senp (\$11.20 ale-retou). Moun k ap fè rezèvasyon yo ta dwe ba w pri a lè w rele.
    - Kliyan RIDE yo ki enskri nan pwogram pou grandèt osinon pwogram ki ofri yon tarif ki baze sou kantite kob yo resevwa kapab benefisye de yon rabè pou sevis RIDE epitou vwayaj nan luxe.
      - **Tarif redui pou grandet:**  
<https://www.mbta.com/fares/reduced>
      - **Tarif redui pou moun ki pap resewa anpil kob:** Moun ki reside nan Massachusetts epitou ki gen ant 18-64 lane ki pap resevwa anpil kob kapab kalifye pou peye matye pri. Ou kapab mande plis enfòmasyon epitou enskri nan :  
<https://www.mbta.com/fares/reduced/income-eligible>. Wa p kapab ajoute rabè sa a sou abboneman w genyen ak the RIDE
  - D. Yon Moun K ap Bay Swen Pèsonèl (PCA) ka fè trajè a avè w gratis.
6. **Pou w kontinye sèvis la pou plis pase 30 jou, ou dwe planifye yon randevou pou yon evalyasyon an pèsòn nan espas 10 jou apre dat apwobasyon an. Rele Sant Kalifikasyon RIDE la nan 617-337-2727. Y ap ba w transpò sou randevou si sa nesèsè.**
- a. **The RIDE ap jere yon patenarya ak Uber, Lyft, ak Curb pou sèvis sou demann yo (ki disponib sèlman apre apwobasyon an pèsòn nan).** Plis enfòmasyon:  
[mbta.com/accessibility/the-ride/the-ride-flex](https://www.mbta.com/accessibility/the-ride/the-ride-flex)